



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ REZILYANS KONT INONDASYON KI KOUTE 1.1 MILYON DOLA NAN VIL GREECE, KONTE MONROE

Miray kont inondasyon ki fèk enstale a pral redui domaj gwo dlo nan pak kominotè a

Amelyorasyon nan egou dlo lapli yo sou Edgemere Road pral pwoteje wout la ak asire aksè nan kay ak biznis ki toupre yo

Pwojè yo seleksyone nan kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta a

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon pwojè miray kont inondasyon ki koute 1.1 milyon dola pou redui domaj inondasyon alavni nan vil Greece, Konte Monroe, nan kad [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Eta a. Inondasyon repetitif akòz nivo lak elve yo te reprezante yon menas kontinyèl pou enfrastrikti nan pwoksimite Long Pond Outlet, ki fè zòn sa yo pa aksesib pou rezidan yo ak pèsònèl ijans yo epi lakòz deteryorasyon nan Edgemere Drive ki tou pre a. Pandan evènman gwo dlo yo, Channel Park, yon espas katye k ap sèvi apeprè 300 kay, vin anba dlo. Inondasyon an gen enpak negatif sou pak ak sou ekipman tèren jwèt yo epi li kite lansman bato Distri Ponpye Lake Shore a nan yon eta kote yo pa ka itilize li, sa ki konpwomèt kapasite pou entèkansyon ijans yo. DEC ak vil Greece te kolabore sou pwojè a pou asire li pwoteje resous kominote a ak anviwònman an.

"Pwopriyete bò rivaj Lak Ontario a te devaste pandan inondasyon istorik ki te fèt an 2019, epi Eta New York te rekonèt nesosite pou ogmante pwoteksyon kont inondasyon nan tout rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè pwogram REDI a, nou ap aji rapidman ak desizivman pou diminye efè inondasyon an alavni sou enfrastrikti piblik yo. Pi gwo priyorite mwen se pwoteje moun k ap viv nan kominote sa yo - pwojè rezilyans sa yo nan Vil Greece pral ede diminye inondasyon, pwoteje kay yo, amelyore sekirite ak kreye yon enfrastrikti dirab".

Mezi rediksyon ak revitalizasyon yo pran nan pwojè Channel Park la yo enkli:

- Enstalasyon yon miray an masonnri kont inondasyon a 251 pye elevasyon, pou kenbe dlo inondasyon yo ak fonksyone kòm yon ekipman pou pak;
- Demenajman ak enstalasyon nouvo ekipman tèren jwèt ki pi wo pase nivo inondasyon an pou pwoteje li kont domaj dlo epi asire itilizasyon li pandan evènman gwo dlo yo;
- Amelyorasyon nan sistèm drenaj tanpèt la, ki gen ladan yon valv kontwòl ak tiyo kontounaj pou kontwòl inondasyon ki pi efikas; ak
- Demenajman pakin pou aksè wout amelyore ak distribisyon sak sab ki pi an sekirite ak pi efikas nan pandan evènman inondasyon alavni.

Achèvman pwojè a marye bezwen kominote a ak anviwònman an, pote aksesibilite ki amelyore, aksè nan veyikil pi sekirite, ansanm ak nouvo enstalasyon pou pyeton ak teren jwèt. Anplis de sa, entèfas natirèl ant dlo ak tè a konsève abita a, sa ki pèmèt bèt sovaj kontinye pwospere.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse konstriksyon ki ankou nan yon pwojè egou dlo lapli REDI ki koute 250,000 dola nan vil Greece. Edgemere Road gen nan alantou li etan nan sid epi lak Ontario nan nò, sa ki rann li vilnerab pou inondasyon ak ewozyon. Wout la se yon gwo vwa aksè pou anpil kay ak biznis lokal. Pandan evènman tanpèt yo, inondasyon sou wout yo nan plizyè lokal akòz pwen ki ba yo epi inondasyon rann li difisil pou atenn rezidans, sa ki anpeche pasaj veyikil ijans yo. Vil Greece te mennen pwojè a nan pak Vil la ki bò kote Etan Cranberry an pral redui eksè inondasyon alavni atravè renivèlman, drenaj pozitif ak vòn dechaj. Pwojè a gen ladan yon estrikti dechaj, ki pral pèmèt Vil la ponpe debòdman ki soti nan sistèm egou dlo lapli a nan Etan Cranberry a, ansanm ak pwoteksyon litoral la avèk anpilman wòch. Amelyorasyon sa yo pral redui eksè inondasyon, sa k ap pwoteje wout la ak kay yo sou kote opoze a kont domaj dlo. Anplis de sa, sa pral pèmèt wout la rete ouvri pou entèvnan kont ijans yo. Lansman kanno ki egziste a ap toujou rete disponib.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Pwogram REDI New York la ap kontinye avanse pwoteksyon estratejik kont inondasyon ak pwojè rezilyans atravè kominote sou litoral Lak Ontario yo ki te istorikman frappe pa gwo dlo ak move tan. DEC ap kolabore avèk responsab yo nan vil Greece ak Konte Monroe pou idantifye ak aplike pwojè amelyorasyon enfrastrikti kle tankou miray kont inondasyon Long Pond Outlet la, ap investi nan pwojè ki pral pwoteje kominote yo ak sekirize anviwònman an nan rebati pi entelijan ak pi solid".

Sekretè Deta Egzekitif Adjwen an, Brendan C. Hughes, te deklare, "Atravè pwogram REDI a, Eta New York ap ede kominote yo sou Lak Ontario a revitalize bò dlo yo a epi ranfòse rezilyans kont inondasyon alavni. Achèvman pwojè Channel Park la nan Vil Greece make yon etap enpòtan nan pwoteje pak kominote a kont sitiyasyon gwo dlo yo. DOS fyè pou li se yon patnè aktif avèk gouvènman lokal yo nan rejyon an, kontinye angajman li pou konstwi plis kominote rezilyan atravè REDI ak lòt pwogram DOS".

Komisè pa Enterim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare "Pwojè REDI sa yo nan Greece enpòtan pou amelyore sekirite, piske yo bay aksè san entèripsyon nan kominote yo sou rivaj lak la. Nan kreye mezi pou redui enpak inondasyon alavni sou pwopriyete prive ak enfrastrikti piblik, n ap fè New York tounen yon plas ki pi rezilyan ak pi sekirite pou nou rele lakay nou".

Komisè Depatman Travay Eta a, Roberta Reardon, te deklare, "Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik Eta a kontinye amelyore enfrastrikti nan kominote yo ke gwo inondasyon afekte. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou investisman kontinyèl li nan mezi sekirite ki ranfòse ak pwoteje kominote yo kont katastwòf natirèl alavni".

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Chak ane, mèt kay yo nan Greece gen defi ewozyon yo ki afekte yo. Pwojè Long Pond Outlet pral mete pwoteksyon anplas pou pwoteje litoral zòn lwazi nou an. Rezidan yo pral ge pi gwo aksè pou yo jwi tout sa Channel Park gen pou ofri pandan l ap asire dirabilite. Mwen rekonesan pou Komisyon sou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik la pou sipò yo nan rejyon nou an epi mwen pa ka tann pou m wè rezilta pozitif travay sa a".

Manm Asanble a Josh Jensen, te deklare, "Mwen bat bravo pou angajman eta a pou kontinye pran mezi pou asire rezilyans kominote sou litoral nou an ak fè patenarya avèk gouvènman lokal la pou fini pwojè a nan Channel Park nan Long Pond Outlet. Investisman Eta New York la pral pèmèt mèt kay yo, premye entèvnan yo ak manm kominote a santi yo pi an sekirite ak pi prepare pou sitiyoasyon gwo dlo nan Lak Ontario. Asire aksè kontinyèl ak estabilizasyon pou Channel Park enpòtan anpil pou rezidan yo ak pèmèt aksè kontinyèl nan sit lansman an toutan".

Egzekitif Konte a, Adam Bello, te deklare, "Pwojè rezilyans lan nan Long Pond Outlet ak Channel Park nan Greece pral ede redui efè inondasyon yo alavni sou enfrastrikti piblik la ak pwoteje rezidan k ap viv sou rivaj Lak Ontario a. Inondasyon an 2017 ak an 2019 te mete aksan sou vilnerabilite kominote bò lak nou yo. Travay sa a ede pwoteje sante ak sekirite piblik la epi amelyore kalite lavi nou. Mwen remèsye Eta New York, komisyon REDI ak Gouvènè Hochul pou investisman enpòtan sa nan Konte Monroe".

Sipèvizè Vil Greece, William Reilich, te deklare, "Mwen trè fyè de sa nou te atenn isit la. Pwojè sa a te transfòme yon pak ki gen tandans inonde avèk ekipman dlo andomaje pou tounen yon modèl ke nou kapab fyè de li pou plizyè ane alavni. Rezilyans evidan ak avantaj operasyonèl nouvo enfrastrikti ki wo a tankou pakin, ekleraj, ak ekipman sou teren jwèt poukont yo pral maksimize lavi investisman an, men pwojè a te fè plis ke sa toujou. Nouvo miray kont inondasyon an pral pwoteje rès zòn nan pak la kont inondasyon, asire pak la ka itilize ak minimize deranjman ak depans antretyen ak restorasyon teren pandan ak apre plizyè ane gwo dlo. Pi enpòtan toujou, nouvo miray kont inondasyon an pral anpeche inondasyon sou wout sou fasad pak la, kenbe aksè kontinyèl pou entèvnan dijans yo ki sitiye nan lari a nan estasyon Distri Ponpye Lake Shore. Si tout sa pa te sifi, pwojè REDI sa tounen yon

reyabilitasyon konplè pak bò dlo popilè sa a, sa gen ladan pi bon pakin, nouvo santye pou mache, nouvo ekleraj, yon pis pou bisiklèt, ak yon bèl nouvo teren jwèt ki deja yon siksè nan katye a. Pwojè a se yon gwo siksè ak yon egzant sa yon bon gouvènman ka fè lè nou tout travay ansanm".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committes) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a, pou benefisye kominote yo ak amelyore rezistans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon olon Lake Ontario ak St. Lawrence River yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 82 pwojè nan faz konsepsyon, 17 pwojè nan faz konstriksyon ak 35 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418